

Etid sou Route 59 la ki se Zòn Transpòtasyon ak itilizasyon Tè - Rezime Egzekitif

Etid sou Route 59 la ki se Zòn Transpòtasyon e itilizasyon Tè, idantifye ak evalye pwoblèm transpò ak devlopman ak rekòmandasyon amelyorasyon nan lavni pou 4.5-mil espas ou kawo tè nan Route 59 la ki soti nan Airmont Road andan vilaj la nan Airmont nan pati lès la nan seksyon riral la nan Monsey ak Vil Ramapo rive nan South Pascack Road nan Vilaj Spring Valley la. Melanj distenksyon itilizasyon tè yo, kantite katye yo, ak konjesyon sou koridò a diferansye zòn etid la nan bò pati lès la ak lwès la. Etid sa te itilize yon varyete metòd pou angaje yo nan kominikasyon fas a fas ak moun ki gen enterè sou Route 59 ak piblik ki enterese, ki gen ladan kat fòmasyon atelye kominotè fòmèl la, reyinyon vize, kèk sesyon nan evènman kominotè a, ak sesyon youn ak youn. Sesyon kontak sa yo te rantre opinyon piblik la sou kondisyon ki egziste yo, twou vid ki genyen yo ak bezwen yo ki gen rapò ak mòd transpò, ak transpò altènatif ak senaryo amelyorasyon itilize ki adrese pwoblèm sa yo. Route 59 se sèl wout lès-wès ki sèvi nan depatman sid Rockland ki soti nan Suffern nan lwès pou rive nan Nyack nan lès. Kominote adjasan Route 59 yo se kèk nan pi rapid kap grandi nan depatman Rockland. Devlopman rezidansyèl ak komèsyal sou Route 59 mete estrès k ap grandi sou Route 59 kòm sa pwouve ak konjesyon regilye, espesyalman nan wout ki pase nan ti zon yo ak tout ti vil yo ki tradisyonèlman te sèvi kòm sant ekonomik kominote a. Kòm kwasans nan tou de popilasyon an ak devlopman nan zòn nan yo te ogmante anpil, se konsa gen vwayaj ou sikilasyon ki fèt ak anpil vitès ak konjesyon, vin bezwen pou planifye pou yon plan alontèm pou lavni wout la.

Divès itilizasyon tè komèsyal ak rezidansyèl nan domèn etid sa a jenere yon varyete de vwayaj nan kay ak ki baze nan travay avèk yon varyete de mòd, ak yon prezans pyeton enpòtan. Rezidan yo itilize Route 59 pou anpil bezwen komèsyal chak jou ansanm ak vizit nan plizyè kalite biznis. Rezidan yo itilize tou Route 59 pou yo ale ak sòti nan travay, si yo kondwi distans an plen oswa kondwi nan yon arè transpò piblik ki sitiye sou oswa toupre Route 59 la. Mache yo ki nan zòn nan e alantou yo konplèks, ki se yon melanj de plizyè rejyon ak mouvman lokal moun ak machandiz ak mòd ki gen ladan kamyon, otobis, machin, pyeton, ak bisiklèt. Akòz konfigirasyon li kòm yon wout paralèl nan Interstate 287 (I-287) ak echanj ki sòti nan 14 jis bò pati lès la nan zòn detid la ak sòti 14B nan wout Airmont, Route 59 tou ki bay aksè a highway la ki se yon soulajman lè gen konjesyon sou I-287 (yon pòsyon nan sistèm Thruway Eta New York).

Rekòmandasyon pou itilizasyon ak transpò peyi a te devlope nan konsiderasyon de opinyon ak sijesyon moun ki gen enterè yo ak piblik la ki enterese. Yo evalye rekòmandasyon yo atravè plan mèt vil la ak lokal yo, ansanm ak plan transpò rejyonal ak vil la, diskisyon avèk ofisyèl eli lokal yo ak moun yo chwazi yo, ak nan deliberasyon nan Komite Konsèy etid la ak Komite Direktè Pwojè a. Gen kèk nan rekòmandasyon yo ki te parèt gen ladan konsèp ki ka pwojè pou lavni devlopman zon nan ki ka evalye e ki ap plis dirab.

Rekòmandasyon yo nan rapò a prezante nan kat kategori - Pwojè / Pwosesis Kominote a, Wout, Bisiklèt / Pyeton, ak Transpò - pou chak nan twa delè aplikasyon yo: kout tèm (aplike nan yon delè de senk ane); mwayen-tèm (aplike nan yon delè de senk a dis ane); ak alontèm (aplike nan yon delè plis pase dis ane). Rekòmandasyon pou kout tèm yo itilize mekanis ki egziste deja yo pou fòme koridò a nan yon anviwònman ki pi an sekirite pou pyeton, ak plis efikasite pou sikilasyon machin, sekouris, ak transpò nan koridò a. Rekòmandasyon mwayen ak alontèm yo idantifye lòt opsyon ki ka egzijè etid plis detay oswa pi gwo finansman pou aplike. Kominote nan zòn etid la ansanm ak ajans transpò k ap sèvi koridò a ka itilize rapò sa a ak rekòmandasyon li yo kòm yon baz pou plis kowòdinasyon ak diskisyon sou yon avni dirab pou Route 59 koridò a.